दिन–शनिवार    दिनांक–15.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ    अवधिः–05 मिनट

---

रंग–गुलालक पाबनि फगुआ आइ सेहो प्रदेशभरि मे कतेको ठाम पारम्परिक उत्साह आ हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। ई पाबनि अधलाह पर नीक के जीतक प्रतीक अछि। ई एकता आ सद्भावना के बढ़ावा दैत अछि। प्रदेश मे फगुआ के लऽकऽ सभ दिस उत्साह आ उमंगक माहौल देखल जा रहल अछि। जिला सभ सँ हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि जे लोक भोरे सँ एक–दोसर कँे रंग–गुलाल लगा कऽ फगुआ मना रहल अछि। बच्चा सभ मे फगुआ के लऽकऽ विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। सभ दिस ढ़ोल आ मंजिरा जेहन पारम्परिक संगीत वाद्ययंत्र सभ आ फगुआ के समर्पित फाग गीत कँे अनुगूंज सुनाइ पड़ि रहल अछि। प्रदेश मे कतेको ठाम फगुआ काल्हि सेहो मनाओल गेल छल।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार फगुआ पर प्रदेशवासी लोकनि कँे शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल अपन संदेश मे कहलनि जे फगुआ असत्य पर सत्य के आ दुराचार पर सदाचारक विजय के पर्व अछि आओर समाज मे एकता, भाईचारा आ सद्भावनाक संदेश दैत अछि। ओ राज्यवासी लोकनि सँ आपसी प्रेम आ सौहार्दक माहौल मे एहि पाबनि के मनयबाक अपील कयलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे रंग, उमंग, प्रेम आ सद्भावक पाबनि फगुआ हमर सभक संस्कृति आ परम्पराक हिस्सा अछि। ओ कहलनि जे रंग आ अबीर हमर सभक पारस्परिक प्रेमक अभिव्यक्ति अछि। एकर प्रयोग किनको इच्छाक विरूद्ध नहि कयल जयबाक चाही। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव अपन संदेश मे कहलनि जे फगुआ प्रेम, सौहार्द आ आनंदक प्रतीक अछि। ओ फगुआक अवसर पर लोक सभक जीवन मे खुशी आ रिश्ता मे मधुरताक कामना कयलाह। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा फगुआ पर सभ कँे बधाइ देलनि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी

प्रसाद यादव कहलनि जे रंगक ई पाबनि सभ गोटे कैँ जीवन सुखमय बनबय आ बिहार विकासक नव पथ पर आगाँ बढ़य।

———————————————————————

फगुआ के देखैत प्रदेशभरि मे सुरक्षाक कड़गर इंतजाम कयल गेल अछि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार जनौलनि जे असामाजिक तत्व सभ पर विशेष नजरि राखल जा रहल अछि। श्री कुमार जनौलनि जे संवेदनशील इलाका सभ मे पैघ स्तर पर सुरक्षा बलक तैनाती कयल गेल अछि। फगुआ के ध्यान मे राखि अस्पताल आ अग्निशमन विभाग के सेहो अलर्ट पर राखल गेल अछि। पटनाक पीएमसीएच आ एनएमसीएच मे आइ ओपीडी सेवा बंद रहल जखनकि आपातकालीन सेवा जारी अछि।

———————————————————————

मुंगेरक पुलिस उप महानिरीक्षक राकेश कुमार कहलनि जे एएसआई संतोष कुमार सिंहक हत्या मे शामिल मुख्य आरोपी गुड्डू कुमार समेत पाँच आरोपी सभ के गिरफ्तार कयल गेल अछि। श्री कुमार जनौलनि जे जिलाक मुफस्सिल थाना क्षेत्रक नंदलालपुर मे मारि—पीटक घटना के सोझराबय गेल एएसआई पर  आरोपी सभ काल्हि हमला कऽ देने छल। ओ जनौलनि जे घायल एएसआई कैँ इलाजक लेल पटनाक एक निजी अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल, जतऽ हुनकर मृत्यु भऽ गेलनि। एम्हर, मुंगेर जिला प्रशासन आ पुलिस प्रशासनक दिस सँ आइ एएसआई  संतोष कुमार सिंहक पार्थिव शरीर कैँ पुष्पांजलि अर्पित करैत गार्ड ऑफ ऑनर देल गेलनि। ओतहि, बिहार पुलिस संघक अध्यक्ष मृत्युंजय कुमार सिंह मृतक एएसआई के परिवार के उचित मुआवजा आ हुनकर आश्रित के नौकरी देबाक मांग सरकार सँ कयलनि।

———————————————————————

आइ विश्व उपभोक्ता अधिकार दिवस अछि। ई दिवस प्रतिवर्ष पन्द्रह मार्च के उपभोक्ता अधिकार आ हुनक सुरक्षा बनौने रखबाक आवश्यकताक याद दिएबाक लेल मनाओल जाइत

अछि। ई दिन सभ उपभोक्ता लोकनि कँ मूल अधिकारक बढ़ावा देबाक आ ओहि अधिकारक सम्मान आओर संरक्षण करबाक लेल प्रोत्साहित करबाक अवसर सेहो अछि। एहि वर्ष विश्व उपभोक्ता अधिकार दिवसक विषय अछि– **"सतत जीवन शैली के लिए न्यायोचित परिवर्तन**"।

---

फगुआक दोसर दिन पटना सिटी मे होला मोहल्लाक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर तख्त श्री हरिमंदिर साहिब सँ सिख संगतक टीम सबद कीर्तन करैत कंगनघाट गुरू़द्वारा होयत बाललीला गुरूद्वारा पहुँचल। ग्रन्थी बाबा जरनैल सिंह जनौलनि जे गुरू गोविन्द सिंह जी एहि परम्पराक शुरूआत कयने छलाह, जाहि मे सिख योद्धा युद्ध अभ्यासक प्रदर्शन करैत छलाह। एहि याद मे सभ साल होला महोल्ला मनाओल जायत अछि।

---

समाप्त भेल।